КЕРЛАНАШ

# Лакхарчу доьшийлашкара бераш военкомате дІадуьгу Соьлжа-ГІалахь

Мангал-бутт 22, 2026




Гайтаман сурт

Соьлж-ГІалахь лакхарчу доьшийлашка деша дІахІийтта баьхкина кегийрхой тІеман комендатуре дІахьийсабо. И хаамбина оппозицин нохчийн NIYSO боламо. Кхечу хьостанашкара и информаци тІечІагІъйеш йац, ткъа меттигерчу Іедалша комментари ца йо жигархоша бинчу хаамах лаьцна.

Боламо дийцарехь, 19 шераш долу деша даьхкина бераш доьшийлашкара дІадуьгу, ткъа церан дайшна-наношна хилларг хилла даьллачул тІаьхьа бен хууш дац.

NIYSO чІагІдо, тІаьххьарчу кІиранашкахь и тайпа хІума масанхьа а даьржина ду бохуш. Йахначу гурахь Нохчийчуьра Лакхарчу кхело "экстремистийн йукъаралла" йу аьлла, дІакхайкхийра NIYSO.

2026 шеран гӀуран-баттахь дуьйна Оьрсийчохь эскаре дӀаоьцуш бу нах дийнна шарахь. Ткъа салтичун декхар кхочушдан кегийрхой шарахь шозза тӀегулбеш бу тоххара а санна: охан-беттан 1-чу дийнера товбеца-беттан 15-чу дийне кхаччалц, гӀадужу-беттан 1-чу дийнера дечкен-беттан 31-чу дийне кхаччалц а.

Оьрсийчоьнан тӀеман министралло дӀахьедира, низамо магош дац Украинана дуьхьал тӀом бан салтий хьежор аьлла. Делахь а бакъонашларъярхоша чӀагӀдора, официалехь тӀеман дакъошка хьежийначу агитаторша Ӏеха а беш, тӀаме баха контракташна куьйгаш йаздойтуш хиллера салташка бохуш. Нагахь санна шайн лаамехь цига баха луурш ца карийча, тӀаккха Ӏаткъам бора, кхерамаш туьйсура, тӀехь гӀело хьоьгуьйтура.

Хьалха дуьйна а дуьйцуш дара бакъонашларйархоша а, жигархоша а Нохчийчохь бертаза тӀаме хьийсош хиларх лаьцна. 2025-чу шеран йуьххьехь тхан редакцино йаздира Нохчийчохь а, Дагестанехь а тӀекхайкха хан йолу кегийрхой лоьцуш хиларх. Лецначийн кара кехаташ лора тӀеман комендатуре тӀекхойкхуш, царлахь нислора тӀаме баха низамехь бакъо йоцу студенташ а.

- Мангал-бутт болалуш нохчийн NIYSO боламо дӀахьедира Украинана дуьхьал тӀом бан республикера 80 вахархо вахийтарх лаьцна, уьш бара хьлхо ницкъаллин структурийн белхахоша лечкъийна бигина хилла бахархой.
- Украинаца бечу тӀамехь Нохчичуьра «лаамхой» - мехкан урхалхочо Кадыров Рамзана пиар йечех уггар а коьрта дакъа ду. Йуьхьанца дӀахьедора цо, меттигера бахархой кийча буш шайн лаамехь тӀамехь дакъалаца бохуш, цул тӀаьхьа тӀеийзабора Ӏедална гергахь "бехкалабахна" ницкъахой а, Кадыровна луьйш болчий гергарнаш а. Тхан редакцино тидамехь латтийра, оцу хаттарехула Нохчийчоьнан куьйгалхочун риторика муха хийцалора.

Радио Маршо - Instagram

Радио Маршо - YouTube

Радио Маршо - Facebook

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю